ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№169 (21.077) ● 2007 гъэм шыщхьэIум (августым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Налшык хъэрычэтыщIэхэр Президентым и щапхъэм ирокIуэ

Налшык къалэм и хъэбзэ нэхъ инхэм ящыщ зым - «Шалэзгъуалэ» хъэблэкIэ зэдзэм - и щIыпIэ бгынэжахэм ящыщ зым сабийхэр нкъукIэ зыщыгуфIыкIа. «Дельфиничкиз» зыфIаща щхьэ зытемыIтI зыгъэпскIыпIэ бассейн къыщызэIуахащ.

УЗЫНШАГЪЭМ дежкIэ сэбэпынагъэ зыпылъ, пщIэншэу къагъэсэбэп хъунУ а объектыр къыщызэIуахар а хъэблэм щыпсэу цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъэщ, сыту жыIэпмэ иужьрей илъэсхэм къалэм а и щIыпIэр зэIуэпэщ щIыным гупыпитэ гъэри имыгъэуцуэ къекIуэлэIащи. ЗыгъэпскIыпIэр ухуэным япэу егупсыкар Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэмгъуокъу Леонидиц, мыдрейуэ, сом мелуани 3-м нэблагъэ зытекIуда а ухуэныгъэр зэфIэзыIэпкIар «Къэбалькъэрбалъкъэрым» и генеральнэ директор, къалэ советым и депутат Бэджмыдз Мухьэмэдщ.

А щIыпIэм пэгъунэгъу унэхэм щыпсэу цIыкIуэхэр куэд щIауэ кIэльыпльыпрт ухуэныгъэр зэрекIуэкIым, бассейным лажьэу щыщIидзэнум ихуэмышыIэжу пэпльэу. Арати, зыпэплъар нахуанIэ хъуащ: абыхъм я гуфIэгъэуэр ядигуэшыну къаухуэкIуащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

- Мы нобэрей Iуэхур гуапагъэ зыхъэть, щытхъу зыхуэфащэ Iуэхущафэщ. Налшык Урысейм и Ипщэ гъэныкъуэм щыIэ нэхъ къалэ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ икIи республикэмрэ къалэмрэ я унафэщIхэм псори ялэжьыныщ ар нэхъри нэхъ дахэж хъун щхьэкIэ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Къалэм щыIэн хуейкъым яIэщIэхуа, IэщIыб ящIа щыпIэхэр, икIи хьэрычэтыщIэм илэжьа Iуэху щыпсэлъэн хуэдэхэр кIуэ пэми нэхъыбэ хъууэ щытын хуейщ. Сэ сольтагъу мы щыпIэм иджыри куэд щызэхъуэжкIын зэрыхуейр, мы хьэблэм унафэ зытемIыхьыпхъэ Iуэхугъуэ куэд зэрыщызэтрихьар. Дэ абыхъм унафэ ятетщIыхьынщ зыр зым кIэлъыкIуэу, мурад пыухыкIам хуэунэтIауэ.

Президентым апхуэдэуи нашыкдэс ныбжьыщIэхэр къытхэгъэгъащ къалэм иджырей аквапарк ин къыщызэдаувэнымкIэ. Абы и ухуэныгъэм сом мелуани 8 трагъэкIуэдзну я мурадщ.

Хьэмгъуокъу Леонид зэрыжиIамкIэ, «Шалэзгъуалэ» хъэблэм сабийуэ мини 4-м щигъу щопсэу, а щIыпIэм еджапIэ зыбжани щылэщ, икIи, даун, а бассейныр щыкIыхэм я дежкIэ зыгъэпсэ хупIэ гурыхъ къуденкъым, атIэ абыхъм я узынпшагъэм псы ядигуэшыну щыпIэщ. Хьэмгъуокъум къигъэлъэгъуащ зэIуэпэщ щIын и лъэныкъуэкIэ къалэм лэжьыигъэщхуэ зэрыщекIуэкIыр, псэупIэ унэхэм я пщIантIэхэм цIыкIухэм я джэгупIэу 42-рэ ядэзэрыщагъэщIэрэщIэжар.

Бэджмыдз Мухьэмэд Къанокъуэ Арсен фыщIэ хуищащ и жэрдэмыр къыщэрыдиныгъам щхьэкIэ икIи кIуэхъугъэбелджылыкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ ирикъу махуэр гъэпсэпIэным и пэ кIиуэуу Iыхьэ сыт и лъэныкъуэкIи кIыщагъэщIэрэщIэжам «Къэббалъкъэрбалъкъэрым лъэныкъуэкIэ зэрыщымытынур, Президентым и щапхъэм ирикIуэу, ди къалащхьэр зэIуэпэщ щIыным езыхэми хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIынур.

Республикэм и Iэтащхьэм лентI плъыжьыр щызэпиупщIым, сабийхэр гуфIэгъэуэ макъыр я щIэжьыуэу зэрехьэжьэри, зы дакIыкIэм зыгъэпскIыпIэм къыхэхэутахэщ, мыдэкIэ хуабэм зи лъэ щIиха балигъэхэр абыхъм яхэпльэрт ядэгуфIэу, уеблэмэ ехъуапсэу.

Абдежым концерти щекIуэкIащ артист балигъэхэри, ныбжьыщIэхэри хэту - макъамэм ущIэдэIуу зыбгъэпскIыным гуфIэгъэр тIуащIэ ищу.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Урысейм щынэхъыфIхэм далъэщIыхьэн щхьэкIэ

Дыгъуасэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я республикэ щыщхьэIу зэIущIэшхуэр.

АБЫ КЪРИХЬЭЛIАЩ КЪР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, КЪР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**, КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ**, КЪР-м и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэзэр Альберт**, КЪР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор **Меркулов Александр**, КЪБКъМА-м и ректор, «Зыуэ щыт Урысей» политик з партым и кIуданэу КЪР-м щыIэм и тхьэмадэ **Жэрыкъуэ Борис**, КЪР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан**, Къэрал Думэм и депутат **Нэхущ Заурбий**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт **Чеченов Хьусен** сымэ.

Iэлуэщ Iэхуэ щыIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Дыщэкl Мадинэ. Ялуэ къэпсэльапIэр хуит зыкIуащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий убгъуэуэ тепсэльыхьащ блэкIа гъэ еджэгъуэм кърикIуэ-кам, 2007 - 2008 лъэхъэнэм республикэм ит курыт школхэр зэрыхуэхъэзырым, Iэнатlэм зэрызрагъэужьыну яубзыхуа Iэмалхэм.

Министрым и псальэхэм дыщIагъуу къэпсэльащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт 1-нэ прогимназием и унафэщI **Шал Любовь,** Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым балыкъэр литературэ-рэмкIэ и кIуданэм и унафэщI **Биттировэ Тамарэ**, егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я профсоюзым и рескомым и Iэтащхьэ **Карныш Сергей**, нэгъуэщIхэри.

ЖаIа псоми едзIыу нэхъ, республикэм щыщыIэ егъэджэныгъэ ухуэкIэм зэреплъ щыIкIэр, а унэтIыныгъэр яп ирагъэщ Iуэхуэхэм зэращыщыр, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, мы гъэм республикэм къыIэрыкъа Iэмэпсымэхэм къызэхуэсахэр щыгъуаз ищIащ Къаночокъуэ Арсен. Апхуэдэуи егъэджэныгъэ Iэнатlэм ильэс куэд щIауэ зэрыпэрытым, республикэ егъэджэныгъэ ухуэкIэм хэльхьэныгъэфIхэр зэрыкъуащIам папщIэ КЪР-м и Президентым и фIыщIэ тхьилъхэр егъэжакIуэ 20-м яритащ.

IэлуэщIэр къыщIэхуащ Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и гъэсэн цIыкIухэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэм.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Шыщхьэlу зэlущIэхэр

Тарч хъарбызыр щыбэгъуащ

Мы зэманым ирихьэлIэу ди республикэм пхъэщхьэмыщхъэрэ хадзэжкIыу къыщрахьэлIэжащ тонн минИ 158-рэ. Ар гъэкIуам нэхъра тIэкIу нэхъ мащIэщ. МэкъумэшыщIэхэм уэгъэр икъукIэ зэран къахуэхъащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, хадзэжкIыхуэ къащрахьэлIэ Аруан, Iэскэн районхэм.

МЫ ГЪЭМ хъарбыз бэ къахуэхъащ Тарч районым и мэкъумэшыщIэкIэм. Нэхъ екъулIэныгъэ зиIар Дейскэ кIуаажэм щыщ, мы Iуэхум фIыуэ зэрыщыкIыр бдзжанэ-дырыплажьэ АфIэунэ Аслъэнщ. Абы и хьэсэм къытекIа хъарбызхэм яхэтщ килограмм 25-рэ зи зыгъэлъагъ. АфIэунэм и хьэсэм къыпплъу хъэуан зыщIа Бэждыгъу Валерий абы къыкIэрыухрькым. Бдзжанэ-дырыпл

Экономикэ
Кавказ Ищхъэрэ

Политикэ
Жылагъуэ Іуэху

МАХУЭКУ

ЧУРОВ Владимир

● Хэхыныгъэ-2007

ЦІыхубэр ди тегъэщІапІэу

«Российская газета»-м и корреспондент Шке лъ Тамарэ йопсалъэ УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщі Чуров Владимир.

- Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщіу къэкІуэрэ сыт щыІэ зэхъуэкІыныгъэ хэфлъхьа фи лэжьыгъэм? Псалъэм папщІэ, комиссэм хэтхэм я процент дапщэр фхъуэжа?

- Куэд тхъуэжакъым. ПроцентКІэ кІапщтэмэ, щэщі хэдгъэз хъуну кІыщІэкІыжа. Нэхъыбэ эзтхъэукІыныр къемыдзэгъэшу къэтлъытащ. Ди лэжьакІуэхэм зи Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, щІэныгъэ кІуу зиІэ защІэщ. Абыхэм я фІыщІэкІэ ди лэжьэкІэм щІэ гъэрхэр хэтлъхьэфащ.

- Белджылы кІыгъыщыщыт зи гугъу пщыр.

- Янэраугъ, Красноярск крайм и Парламентым хэтхэр щыхахым дэ кІыхьэдгъэпщапартхэм, хабзэхьуэмэхэм, хэхакІуэ комиссэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэдэлажьэныгъэ. Сэбэпшхъэ кІыгъухьэхуащ «Линие щытыр», хэхакІуэхэм яхудІэ пщыІэныгъэ хэпщІыкІыу дгъэбыдащ. Зы тхъэусыхафи гулъытэнщэу кІэдгъэнакІыжащ.

- А тІэ хэхыныгъэр дауэ екІуэкІа?

- Партхэр 8 хьуртэ (абыхэм ящыщу тІыр Парламентым кІуэфакъым), псоми кІальытащ хэхыныгъэр тэмэму кІыхьэдгъэпэщащэу. ДыгъэгъазэМ ди къэралым и щІыпІэ кІуэдым щекІуэкІыну хэхыныгъэхэми апхуэдэ екъуІэлъ. НыбжьыкІэ зэрыгъэпсынкІэ щхьэкІэ, имыщІэн щыІэтэкъым. ИкІэм-икІэкъым абы хэкІыпІэ игъуэджэ кІигъэтащ. Хабзэхъуэмэхэм, «пэш гуэрым лагъым щІэлъщ» - жаІэри, унэм щІэсхэр жьгрыгъэкІэ кІыщІагъэкІащ, итІанэ щІагъэхьэжакъым. Гу зылыгъапрал апхуэдэ лей хэлъ щІыпІэхэр оппозицэм зэрыщыщым.

Инвестор кІуелЭкІэм иращэр жылагъуэ унэшхуэхэм, хьэщІэщхэм, зыгъэпсэхупІэхэм я закъуэкъым. Щхьэусыгъуэгуэрхэр ящІырэ, къэрал унафэщІхэм зыІыхьащІ ди къаугъэ кІыщІихьея щыпІэхэм икІа е хамэ къэралхэм Іэпхъуэжа унагъуэхэм я псэупІэхэр, ахъшэ хъумапІэ, турист хэщІапІэ, дохутыр Іуэхущапіэ хуэдэ хэр. Ахэр инвестициэм Іэрагъэхьэ я щІыпІэ ирагъэкъэбзыкІри, щы Іэнэщ Іхэм хуэныгъэщІэ хэр кІыщІыгъэрагъэпэщ.

Приватизацэ ящІри Инджыльиз инвесторэм ильэс 49 пІалъэкІэ Іэщ Іалъхьащ «Куржы гъущІ гъуэгуэхэр» компаниер. Апхуэдэ щІыкІэкІэ урысей, кьэзакъ, тырку, хьэрпш, китай, нэгъэущІ къэрал хьэрычэтыщІэхэм иращэ зыгъэпсэхупІэхэр, предприятэхэр, электрокъаруу къэзыдзэкъ станцэхэр, ахъшэ кІыьзыпыкІ Іуэхущапіэхэр.

Нэрылъагъуу зэІохьэ цІыхухэм я псэукІэр. Куржым щыпсэухэм я бжьыгъэ хощІ. Президент Саакашвили пэкІуэгъэ, зэІущІэкъэр, «пиксет- ныкъуэделэщІ» ирагъэкІыжа. Куржым щыщым зэреджэр «ныкъуэделэщІ», «нэхъыфІы щыгурымыІуэщІ», «къаиГъэшыщІ. ЩІыхьбэр Іуэжм зэрепльыр нэгъуэщІуэщ. «НыкъэзыгъуэкІ- Куржыкъэм къальытэ дызыхуэкІуэ илъэсым щыІэну парламент, президент хэныныгъэм нобэрей унафэщІхэм я кІэнхэр кІыщІмыкІыну.

Аращи, зэкІэ Куржым щытепщэу, куэдым зэрыжаІэмкІэ, «балигъ мыхъуа политикэ лэжьакІуэщ», абыхэм я Іупэфіэгъуэхэр, щІыхубэм и мыгъуагъэхэм хэтхъыкІ «хьэрычэтыщІэ» хьэжьакъэжьыщхьэхэр. Щытепщэу «приватизацэм» кІыхьэкІа, куэдыр щысыхьиншу зыудыныщІэ «техьэгъуэ» гуемыдри.

ГОРДЕЛИ Леонид,
«Северный Кавказ».

Куржым "техьэгъуэр" щытепщэрэ?

Куржым и правительствэм, щэч хэмылъу, фІыуэ кІыгуроІуэ дэтхэнэ къэралми знужьыкІи папщІэ мыльку нІэн нкІи ар тэмэму игъэлэжьэн зэрыхуейр. Ауэ а мыльку и хэкІыпІ производствэ умыІэмэ, сыт пщІынур? Іпэрауэ, щІыхубэр налогкІэ «Іэпхъпэпх» пщІыпхъэщ. ЕтІуанэрауэ, уасэ гуэр зиІэ унэ, завод, еджапІэ, Іуэхущапіэ хуэдэхэр «приватизацэ» жьыхуэкІэ Іэмалымкіэ «утхъыщІыпхъэщ».

КУРЖЫМ а Іэмалитіри Іэрыуэгъуэ къыщагъэсэбэп. Къэтхъынщ зы щапхъэ. Щыгъуазэ (фхъуэтщІынщ «Самшобло» -(Хэку-) зи фІэщыгъэ тхъыпІ тедзапІэр, Іуэхущапіэ зэмыІэужьыгъуэу 80 зыщщІэжьар, хьилагъэкІэ зэраубыдам, зэращам, абы фейдэ хъарзынэ къызэрыпэкІуэм.

Мэзишхуэм щылажьэхэр (газет, журнал редакцІэр, телекомпаниер, затуущІэхэр, нэгъэущІэхэр) кІахущІэгъэкІыртэкъым. Ар зыщхэуну хьэзыр инвесторыр кІуелЭ дыдэт, мыгъэкІуэхэ кІыпІэтІыпІыпуэ жиІэрти, правительствэм, Іуэхуэр щІигъэпсынщІэн щхьэкІэ, имыщІэн щыІэтэкъым. ИкІэм-икІэкъым абы хэкІыпІэ игъуэджэ кІигъэтащ. Хабзэхъуэмэхэм, «пэш гуэрым лагъым щІэлъщ» - жаІэри, унэм щІэсхэр жьгрыгъэкІэ кІыщІагъэкІащ, итІанэ щІагъэхьэжакъым. Гу зылыгъапрал апхуэдэ лей хэлъ щІыпІэхэр оппозицэм зэрыщыщым.

Инвестор кІуелЭкІэм иращэр жылагъуэ унэшхуэхэм, хьэщІэщхэм, зыгъэпсэхупІэхэм я закъуэкъым. ЩхьэусыгъуэгуэрхэрщІырэ, къэрал унафэщІхэм зыІыхьащІ ди къаугъэ кІыщІихьея щыпІэхэм икІа е хамэ къэралхэм Іэпхъуэжа унагъуэхэм я псэупІэхэр, ахъшэ хъумапІэ, турист хэщІапІэ, дохутыр Іуэхущапіэ хуэдэ хэр. Ахэр инвестициэм Іэрагъэхьэ я щІыпІэ ирагъэкъэбзыкІри, щы Іэнэщ Іхэм хуэныгъэщІэ хэр кІыщІыгъэрагъэпэщ.

Приватизацэ ящІри Инджыльиз инвесторэм ильэс 49 пІалъэкІэ Іэщ Іалъхьащ

Ухуэныгъэ

Урысей Ишхэм щытхъыбарэхэр

♦Ставрополь крайм зыщеужь ипотекэ хуэныгъэм. УнагъуэщІэхэм ми гъэм кІриубыдэу фэтэр 200 хуэдиз, 2010 гъэм ирихьэлІэу - фотэр минищым щІигъэ ирагъанущ. Мы Іуэхум мыльку нэхъыбэ хэзыльхьэм ящыщщІ Пятигорск, Георгиевск, Благодарнэ, Изобильнэ къалэхэр.

♦Гроэнэ, Аргун къалэхэм мы зэманым щолажьэ ухуакІуэу 2500-рэ хуэдиз. Ахэр фІыуэ къызэгъэпэщащ техникэкІэ, ІэмэпсымэхэмкІэ, уху энныгъэм ирахьэлІэ пкыгъуэжкІэ, Іэрыльагъуэ къощІрэщІэж унэхэр, эрэмрэр, утхэр. ЕджапІэхэр, сымаджэщхэр, Іуэхущапіэ зэмыІэужьыгъуэхэр яхуэ.

♦Осетие Инджыкъэ Іуэхущапіэ щолажьэ «ПсэупІэ-2» зи фІэщыгъэ республикэ программэр. Абы къызэригъэувыжкІэ, республикэм гъэ къэс псэупІэ щащІыр 2010 гъэм ирихьэлІэу метр эбгъуэзнатІэ мин 263-м щІигъунущ.

«Российская газета».

ЯхуэзэхэмэдгъэкІ шІэпхъащжьгъэр

УФ-м и МВД-м къыщІэзэрагъэпэщ Іэщ Іагъэлэхэм я гуп щхьэхуэ, дахэ-дахэу зэхамыгъэкІыфа Іуэхуэхэм щІэрыщІэу хэпльэжьын, мысаХэр белджылы къащІын папщІэ.

Апхуэдэ Іуэхуэхэр нужьрей ильэсыбым къриубыдэу мелуан 14-м нэблагъэ, абыхэм щыщым мин 90-р лІыуфхэм ятеуауащ. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, апхуэдиз щІэпхъащжьащ нобэр къыздэсым къытхэтэщ, яхуэфащ зэуапым имрамышІэлІэу.

АР СЫТ къызыхэкІар - следователхэм я хуэмыхуагъэра? Апхуэдэ упщІэм и жэуапыр къыщыпІпыхьэхкІэ, уемыгупсысу Іэнэгъкъым хабзэхъумэхэм Іулъхьэ къезыпІхьэзэ зэрахэтым, зи лэжьыгъэ пекъэм зэрарагъэІэ ныбжьыщІэхэм зи зэфІэкІыр ину кІуэ зэрахэмытым.

А псоми къадзкІуэу, щІыщІ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ - ар Уголовнэ кодексым и 162-нэ статьярр. Абы къызэригъэувыжкІэ, Іуэхур зэхэзыгъэкІхэм мысар къаухуэу зэуапым иращэлІэн хуейщ маритым къриубыдэу. А папъэм щІрагъэгъуну зыри хуиткъым. Іуэхур къызэтрагъэувыІэн хуей мэхъу, щІэпхъащІэр къамыгъэтамэ, следствием «нэмыльэсауэ» лэжьыпхъэ гуэрхэр къыхуэнамэ.

Пэжщ, заул дакІмэ, апхуэдэ Іуэхуэхэр къыдэпхъыхь хъунущ. Ауэ абы гъэпсыкІыпІэ кодексыр къыдыІуэ пыІащІи, следователхэм нэхъ къыщІэзыкъомрэ зэлэжьа Іуэхуэхэр ныкъуэцІыу къагъанэмэ. Сыт щхьэкІэ? Къэхутэгъуэй, жьы хуэ щІэпхъащІагъэхэм уи зэманыр ятебгъэкІуадэ нэхърэ, дауи, нэхъыфІщ къэхъуГъэщІэхэм уахэплъэныр, къэубыдыгъуэфІэ хабзэкъутэхэр сэтей къэпщІынщ.

Апхуэдэ Іуэху зехьакІэм арэзы техъуакъым къэрал кІуэху Іуэхуэхмкіэ министр Нургалиев Рашид. Абы и жэрдэмкІэ, УФ-м и щІыналъэ 38-м кІыщІызэрагъэпэщащ зи гугъу тщІа гупхэу Іэщ Іагъэлэ Іэ ззэхэр зи пащэхэр.

Абыхэм я къалэнщ «Іуэхуэхъэр» къаІэтыжьыну, хабзэхъумэхэм я щІэщІэкІа щІэпхъащІэхэр къалъпыхъуэну, къаубыдыну, зыуаплым ирашэлІну.

Ауэ Уголовнэ кодексым и статья 162-нэм иджыри къару иІэщ. Щэч хэмылъу,ар зэхъуэжьыныр депутатхэм щІагъэпсынщІапхъэщ.

Сыт хуэдэ Іуэхуэхэр щІэрыщІэу хэпльэжьынхьэр?

ТОРЩИН Александр *Федерацэмкіэ Советым и вице-спикер, Беслъэн къалэм щыпхъэ гъэдаментт комиссэм и унафэщІ:*

- Холодовым, Политиковскэр зэрауІэкІар, Беслъэн къалэм ефедэрализэ зэрыщІэзгъуакІар, нэгъуэщІхэр.

КИВИНОВ Андрей, *тхакІуэ, хабзэхъумэ гъэкІэ:*

- Листьевым и кІуэдыкІар. Мыр зэхэгъэкІыгъуейщ, ауэ мыльхэнэщхэ зиІэщ. Сабий дапщэ ІыкІуэхэм яІащІэкІуэда? Дэнэ щІэ ахэр, хьэкІэжъуакІагъэ зыпэжьажьахэр?

ДЕЛЯГИНМихаил, *Глобализацэ Іуэхуэхэмкіэ институтым и президиумым и унафэщІ:*

- Къэхутэн хуейщ дефолтымкІэ, ваучерхэмкІэ, залог приватизацэмкІэ къуэнщэхэр, къэрал мылькым кІыхьэкІыу Шэщэмпын дэІэпыкъуэхэр, апхуэдэ Іэджэ. Ауэ, къыхэрысфІэщІымкІэ, мыпхуэдэу ущІэупщІэ хъунущ: сыт Іуэху «кІэпхъпІыльакъэхэр» къыщІдахьжьыр? Захуэгъэр зэфІагъэувэжьину я мурадуара, хьэмэрэ къыщІыхьэжьхэр Іулъхьэ нэхъыбэжьми щыгугъэ?

БУРЫЛИН Александр, *Іэщ Іэкіэ Зэшхуэзэда Къархуэм я ветеран, полковник:*

- Ди армэм нахфину щІэлъжьа Олейник и судыр ящІэри, зыкъомрэ лъэхъэущым ирагъэсащ. Мы Іуэхум елэжьа Іэщ Іагъэлэ Іэр щыгъуазэщ ЗыхъумэжьыныгъэмкІэ министерствэм сом мелуан Іэджэ зэрыфІэкІуэдам, мыльхэм министр зыбжанэ, украин фирмэ гуэр, политикэ лэжьакІуэ щІэрыуэ Тимошенкэ Юлие сымэ зэрахэтам. Ауэ жэуап зыльльар зы закъуэщ. Ар захуагъэ?

МИХАЛКОВ Артем, *режиссер:*

- Уэрэджьыкіуэ Талыков Игорь зыуІакІэр Іэщ Іагъэ щІагъуэ къахъуэгъыдыркъым...

ТОПАЛОВ Влад, *уэрэджьыкІуэ:*

- Уэрэджьыкіуэ Круг Михаил зыІэщІэкІуэдахэри сэтей къэхъуну игъуэ хъуат...

АНТОН *, Новгород Ищхъэрэм щыпсэу:*

- Дэтхэнэ щІэпхъащажьІэри сэтей къэщІыпхъэщ. Сэ гу зылъыстар мыращэ: мылъкуэуэ зиІэхэм мыхъумыщІагъэ езыщІар щІэх дыдэу хабзэхъумэхэм къарагъэт, хуэмыщІагъэ псэукъэм лей якІэпльэзэхьэхэр зэи яхуэзэхэрэщІыкІ. Ар захуагъэ?

КОЦ Александр, *«Комсомольская правда» газет.*

УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

Газетхэм, те девиденэм, радиом зэрапІуатэмкІэ, долларым и уасэр ешуэкІынкІэ, «дефолт» жьыхуэІуэм мылькушхуэ э (Урысейм и стабилизацэ фондри хэту) хисхьэнкІэ щынагъэ щыІэщ. Ар пэжмэ, Іуэхум дихэмылъэфэн щхьэкІэ, ди стабилизацэ фондыр хамэ къэралым кІытщыжмэ нэхъыфІкъэ?

Агапов А., *Астрахань.*

Упщ Іэм жэуап кьрет УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и эксперт гупым и унафэщІ **Гурвич Евсей:**

- Америкэм и ахъшэхэм я пщІэр (рейтингыр) лъагэщ. Ар дефолтым щыышнэркъым. Долларыр къэзыгъэсэбэп къэрал псоми зэдзууэ мы ахъшэ лІэужьыгъуэр Іумпэм ящІамэ, пщы хэмылъу, США-м и кІышьхьыгуэт экономикэ кризис. Ар зэрая яхуэхъунут кІэрал псоми. Абы къыхэкІыу америкэ валютэр пуд хъуным зыми и сэбэп хэлъкъым. Апхуэдэу щІт пэтми, ди стабилизацэ фондым зэи хэщІыныгъэ имыгъуэтын щхьэкІэ абы и процент 45-р яхьумэ долларэ, апх уэдиз дыди - евроэ, процентипщІыр - инджилъы фунту.

Европэм и къэралхэм нэхъыбэ къыщагъэсэбэпыр «Смарт», «Фольксваген-жук» жьыхуэІэ щІэныгъэ-фэкІуэхэр. Ди къалэхэм щытлъагъуэ нэгъуэщІу - тепщэгъуэр зыбгъыр автомобиль пІащэхэр, зегъэкІуэгъуейхэр, бензин куэд зыгъэкІуэщІэхэр, гъэувыпІэхэми куэдым зэран щхьэхъуэхэр. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

Кулаков Ю., *Владивосток.*

Тхакіуэ-сатирик **Трушкин Анатолий** жеІэ:

- Куэдым яфІэфІщ загъэщІэгъэуну, къуейуэ, зэфІэкІ зиІэу загъэльэгъуну. Аращ абыхэм ав томашинэ ІыпІейхэмкІэ къыщІакІухьри. Шэч хэмылъу, нэхъ тынщ автомобиль щыкІуфэкІуэр. Ауэ ди лъэпкъэгъуэм, хабзэ зэрахэхъуэщІ, кьыхэхьри губзыгъэгъэкъым, фэрыщІэрщ.

Гу зылъытатхъэщ мыри: языныкъуэ автомобилис тхэр, ахъшІэ зи кІуэгъэр, зи автомашинэхэр хъщІхьэвыльэм ещхьхэр, ямылеиуэ нэмысыншэщ, бэлыхьлажьэу закъыфІощІыжри, мыхъумыщІагъэ Іэджэ кьуапэсыфІынущ.

Хуит ямыщІауэ бдзэжьей ещхьэм кьытраха бдзэжьей хуэгур ныфІэдэн, гъэдгъуэщІ хуейуэ унафэ щыІэщ. Ар захуагъэ? Сыт щІыхьфІэбдзэуэр? Сыт ар сабийхэм, сымаджэхэм, хуэмыщІауэ псэуэкІ епт щІэмыкъунур?

Болотовэ М., *Красногорск.*

«Россельхознадзор»-м и инспектор управленэм и унафэщІ **Чернышенкэ Игорь** зэрыжиІэмкІэ, мы гъэм и щыщхьэщІу мазэм къыщыщІэдзауэ хабзэкъутэхэм («браконьер» жьыхуаІэхэм) кьытраха бдзэжьей хуэгур пхъэнкІийхэм хадзэ, щІатІэри, щхьэхъ трахыІуэк. Сыт щхьэкІэ? Хабзэкъутэхэм кьытраха бдзэжьей хуэгур хьэгъэщагъэкІэ зыІэрагъэхьэ жьыгт. Бгъэуат Іулъхьэ зыгъэри кьеІызыхуэрп. Бдзэжьей хуэгум (зы килограммым) и уасэр доллар 700-м нэсу дзуеят. (Егъапщэ: Ираным ар щащэ доллари 150-кІэ). НэгъэущІ Іэмал щымыІэж щыхъ ум, УФ-м и Президентым ищІащ зи гугъу тщІа унафэр. Абы и фІыщІэкІэ бдзэжьей лІэужьыгъуэ лъапІэхэр нэхъ кьыІэтэнэжкІэ угугъэ хъунущ.

Дохутыр куэдым я щІэныгъэм хагъахьэуэркъым. Ахэр къызэрыпІэзэзэр куэд щІа, жьы хьуа Іэмалхэр кьагъэсэбэпурэщ. Ар къуаншагъэкъэ?

Куровэ С., *Томск.*

УФ-м Медицинэ ЩІэныгъэхэмкІэ и Академиемэ хэт **Егоров Алексей** кьыхэзырпльытэмкІэ, ди къэралым щылажьэ дэ хутыр мин 608-м щыщу мини 108 хуэдизым ильэс кьэс я щІэныгъэм хагъахьэу. Ар мащІэкъым. Кьимыдзкіэ, дохутыр куэдым медицинэм кьыхьхьа Іэзэкіэ зэмылІэужьыгъуэхэр езырезыру ядж, фІыуэ зрагъащІэри, хьарзынэу я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп.

Президент Путиным унафэ щІащ ди щІэблэр ильэс 11-кІэ Іэмал имыІэу ергъэджэн хуейуэ. Ауэ Правительствэм яджьыблагъэ кьищтащ зи ныбжьыр ильэс 15 хьуахэр, дахэ-дахэу емыджэхэр, школым щІэбдзыж зэрыхъунэу хабзэхэр. Ар дауэ кьызэрыбгурыІуэнур? Президентым и жьыІэр Правительствэм зыуи кьримыдзауэ ара?

Кусков П., *Омск.*

Жылагъуэ палатэм и комиссэхэм ящыщ зым (ергъэджьныгъэм телажьэм) и унафэщІ **Духанинэ Любовь** зи гугъу тщІа Іуэхум зэрепльыр мыпхуэдэуэ:

- Зыри хуиткъым сабийр еджапІэм кьыщІидзыну. ЩыІэщ еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр: махуэрыблажьэхэр, пщыхьщхьэрыблажьэхэр, унагъуэрыс еджэхэр. Ягъэй еджапІитІым дахэ-дахэу щемыджэфхэм кьыхах хьунущ ещанэрей Іэмалыр. Адэ-анэм лъэІу тхъыль хуахъу щколым и директорым зыхуагъэзэа ныжь, кьахуимыщІэфалэмэ, ергъэджьныгъэмкІэ щыпІэ управленэм щытхъэусыхапхъэщ. Абы сабийм и еджэныгъэм кьыззэрыпищапхъэ хэкІыпІэ гуэр кьигъэтыну и фарэщ.

Артист щІэрыІуэ Этуш Владимир и фэтэрыр дыгъуэгъуакІуэм яхьхьщІауэ зэхэсхати, сыкъэгъэпаи, сыкъэгъэпаи, зи ныбжьыр хэкІуэтам ущедыгъуэнур? Іэмал имыІэу мылькуэ къэпфыщІын хуэт хьуамэ, нэхъ емыкІунщэщ бгъэжьэн зыгурэхэр къаІэщІэпхьынщ. ДыгъуэгъуакІуэхэм «хабз» щхьэхуэхэр яІэу жаІэ. Ар пэжмэ, сыт хуэдэ «хабз» ахэр зытетыр?

Селезенко Т., *Ставрополь.*

«Аргументы и факты» газетым и корреспондентым дыгъуэгъуакІуэ «Іэзэхэм» ящыщ зым (зэрыгурыІуэгъэщи, и унэцІэр кьриІуэн идакъым) мыпхуэдэу кьыжриІащ:

- Зыбжанэрэ зэхэсхащ хьунщІакІуэхэм цыхуу цІэрыІуэхэм я унэхэм зыри щІэлъ тхъыль хуахъу щколым и директорым зыхуагъэзэа нэужь, кьахуимыщІэфалэмэ, ергъэджьныгъэмкІэ щыпІэ управленэм щытхъэусыхапхъэщ. Абы сабийм и еджэныгъэм кьыззэрыпищапхъэ хэкІыпІэ гуэр кьигъэтыну и фарэщ.

Артист щІэрыІуэ Этуш Владимир и фэтэрыр дыгъуэгъуакІуэм яхьхьщІауэ зэхэсхати, сыкъэгъэпаи, сыкъэгъэпаи, зи ныбжьыр хэкІуэтам ущедыгъуэнур? Іэмал имыІэу мылькуэ къэпфыщІын хуэт хьуамэ, нэхъ емыкІунщэщ бгъэжьэн зыгурэхэр къаІэщІэпхьынщ. ДыгъуэгъуакІуэхэм «хабз» щхьэхуэхэр яІэу жаІэ. Ар пэжмэ, сыт хуэдэ «хабз» ахэр зытетыр?

Селезенко Т., *Ставрополь.*

«Аргументы и факты» газетым и корреспондентым дыгъуэгъуакІуэ «Іэзэхэм» ящыщ зым (зэрыгурыІуэгъэщи, и унэцІэр кьриІуэн идакъым) мыпхуэдэу кьыжриІащ:

- Зыбжанэрэ зэхэсхащ хьунщІакІуэхэм цыхуу цІэрыІуэхэм я унэхэм зыри щІэлъ тхъыль хуахъу щколым и директорым зыхуагъэзэа ныжь, кьахуимыщІэфалэмэ, ергъэджьныгъэмкІэ щыпІэ управленэм щытхъэусыхапхъэщ. Абы сабийм и еджэныгъэм кьыззэрыпищапхъэ хэкІыпІэ гуэр кьигъэтыну и фарэщ.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7» газетхэм кьытхъажащ.

Цыхубэр ди тегъэщІапІэу

«Российская газета»-м и корреспондент Шке лъ Тамарэ йопсалъэ УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Чуров Владимир.

- Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщіу къэкІуэрэ сыт щыІэ зэхъуэкІыныгъэ хэфлъхьа фи лэжьыгъэм? Псалъэм папщІэ, комиссэм хэтхэм я процент дапщэр фхъуэжа?

- Куэд тхъуэжакъым. ПроцентКІэ кІапщтэмэ, щэщі хэдгъэз хъуну кІыщІэкІыжа. Нэхъыбэ эзтхъэукІыныр къемыдзэгъэшу къэтлъытащ. Ди лэжьакІуэхэм зи Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, щІэныгъэ кІуу зиІэ защІэщ. Абыхэм я фІыщІэкІэ ди лэжьэкІэм щІэ гъэрхэр хэтлъхьэфащ.

- Белджылы кІыгъыщыщыт зи гугъу пщыр.

- Янэраугъ, Красноярск крайм и Парламентым хэтхэр щыхахым дэ кІыхьэдгъэпщапартхэм, хабзэхьуэмэхэм, хэхакІуэ комиссэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэдэлажьэныгъэ. Сэбэпшхъэ кІыгъухьэхуащ «Линие щытыр», хэхакІуэхэм яхудІэ пщыІэныгъэр хэпщІыкІыу дгъэбыдащ. Зы тхъэусыхафи гулъытэнщэу кІэдгъэнакІыжащ.

- А тІэ хэхыныгъэр дауэ екІуэкІа?

- Партхэр 8 хьуртэ (абыхэм ящыщу тІыр Парламентым кІуэфакъым), псоми кІальытащ хэхыныгъэр тэмэму кІыхьэдгъэпэщащэу. ДыгъэгъазэМ ди къэралым и щІыпІэ кІуэдым щекІуэкІыну хэхыныгъэхэми апхуэдэ екъуІэлъ. НыбжьыкІэ зэрыгъэпсынкІэ щхьэкІэ, имыщІэн щыІэтэкъым. ИкІэм-икІэкъым абы хэкІыпІэ игъуэджэ кІигъэтащ. Хабзэхъуэмэхэм, «пэш гуэрым лагъым щІэлъщ» - жаІэри, унэм щІэсхэр жьгрыгъэкІэ кІыщІагъэкІащ, итІанэ щІагъэхьэжакъым. Гу зылыгъапрал апхуэдэ лей хэлъ щІыпІэхэр оппозицэм зэрыщыщым.

Инвестор кІуелЭкІэм иращэр жылагъуэ унэшхуэхэм, хьэщІэщхэм, зыгъэпсэхупІэхэм я закъуэкъым. ЩхьэусыгъуэгуэрхэрщІырэ, къэрал унафэщІхэм зыІыхьащІ ди къаугъэ кІыщІихьея щыпІэхэм икІа е хамэ къэралхэм Іэпхъуэжа унагъуэхэм я псэупІэхэр, ахъшэ хъумапІэ, турист хэщІапІэ, дохутыр Іуэхущапіэ хуэдэ хэр. Ахэр инвестициэм Іэрагъэхьэ я щІыпІэ ирагъэкъэбзыкІри, щы Іэнэщ Іхэм хуэныгъэщІэ хэр кІыщІыгъэрагъэпэщ.

Приватизацэ ящІри Инджыльиз инвесторэм ильэс 49 пІалъэкІэ Іэщ Іалъхьащ

Сондэджэр "губзыгъащэ"

● ПІасхъэщІэххэр

Ар зэрыгІасхъэщІэ хыр наІуэ ящыщыхъуат Лимэ (Перу къэралыгъуэм и кьалащхьэм). Гарсие Робертэ Испаным иригъэкъырт мы уэщыщ и пІасхъэщІэхым и «пэжьэкІар» зэІубэ кьыщыхъуар. КьызэрыщІэкІамкІэ, Гарсие Робертэ кьнгъэсебэпат тхакІуэшхуэ Гоголь и тхъыль цІэрыІуэм («Мертвые души» романым) кьыщыгъэлъэгъуэ Іэмалхэр. Гарсие зыгъэлажьэ хэм льапІеиуэ ящІэрт испан спецІуэхущІапІэ хэм я лЫкІуэкІэм. Ирагъэкым щыкІахэм я щІэнщІэ хэр, зэрахьа «лЫгІэ-хэр»...

Пенсэм ягъэкІуа нэужь, Гарсие Іэпхъуащ Канар хьІтІыгъуэм. А щыпІэм щыпсэуну кьыщІэкІынут зыхуэІ сборр игъуэту, «Литвиненкэ и Іуэхур» мыхъуатэмэ.

Инджылызым кьыдзыІу зигъэльэгъуэн папщІэ Испаниемэ и лъхъэущым ирадзащ «урысей пІасхъэщІэхыр». Гоголь и «гъэсэн» сондэджэр «губзыгъащэр».

ЛЕКАРЕВ Станислав.
«Аргументы недели».

Сыт дызыхуэкІуэр?

● Ди зэманым и нэщэнэщІэхэр

ЗэраІуатэмкІэ, ди къэралым и унафэщІыщхуэ гуэрым Іэрагъэхьащ мылькушхуэ зыбгъэдэлъ щІыхуэхр, дунейм ехьжа нэужь, щІэлъхьэн зэрыхуей хабзэщІэхэм я проектыр. А хабзэщІэхэр ди гъащІэм зы быдэкІэ щІыбгъэмэ, щэч хэмылъу, гъэщІэгъуэныщэ куэд ди нэгум щІэхьынущ: щыхуэІ ныкІуэ зыхуагъэнкІуэ щІэ хуей псори зыгъэуэту дунейм тетахэр ахърэтми апхуэдэу зэрыщыщытынур.

ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭЩ тхакІуэщхуэ Толстой Лев зи кьуелигъэм кьыкъуэгушхуэкІыуэрэ мылъку Іэджэ зыгъэкІуэдэхэр фІыуэ ильагъуу зэрыщІыбытар. Абы уэсятуэ къызэринэкІат, дунейм ехьжмэ, егъэлеиныгъэ гуэри хэмылъу, щыхуэ къызэрыгуэкІхэм хуэдэу, щІалъхьэну. А уэсятыр гъэзэщІа зэрыхъуар ялъагъу тхакІуэщхуэр зыщыпсэуэ Яснэ Полянэм ильэсым и сыт хуэдэ зэманми щыпэкІу щыхуэ Іэджэм.

Диту кьэдгъэкІыжьыпхъэщ Высоцкий Владимири и нужьрей гъуэгуанэм щытеувам, щІыхубэр зэрыкІэльыкІуэтэгъар, властыр зыІэщІэльхэр зыхуэмыларэзыуэ щыта, зи къэрал дамыгъэ лъапІэ зрамыта усакІуэм, артист гъуэзэздкэм и кхъащхьэр ноби щІыху кІуапІэу зэрыщытыр.

Апхуэдэ пщІэр, щІыхубэм я лъагъуныгъэр, дауи, нэхъыфІщ Іуелижьхэм я кхъащхьэхэм трагъэувэ фэеплъ абрагъэувэн нэхърэ.

Зи гугъу тщІы проектыр зэрызэхалъхьам куэдым урегъэупсыс. Ягърауэ, сыт хуэдэ къэрадыгъуэ дэ дыухуэр? Хэт ар зейр - щІыхубэра хьэмэрэ кьулыкъуэхьэхэра? Хэт сымэ проектыр зыхуэлажьэнур - щІыхубэм и ахъшэр зыкІэщІэзыупщІахэра? Фэеплъ лъапІейхэр зыхуагъэувахэр зэгуэрым щІыхубэм и бий бзаджэу кьыщІидзыжьынкІи ихъунукъэ?

Ахъуэдэ упщІэхэр лъабжьэнщэхъым. Девгъэплъыт Кремлым и блыным зи домбеякъ фэеплъхэр бгъэдагъэува «парт икІи къэрал лэжьакІуэшхуэхэм» я Іэужьхэр зыхуэдэм. Къэбгъэльагъэуэмэ, Молотовым и Іэр зыщІидза документхэм япкъ иткІэ яукІащ щІыху лажьэнщэу 373-рэ. Ворошиловым ІэщІкІуэдащ щІыхуи 186-рэ, Кагановчым - 198-рэ.

Хэт жиІэфыну нобэрей бежьхэм, кьулыкъущІэшхуэхэм, «монетизацэм», «щІынальхэзэр зэгуэгъэхьэным», «залог аукционхэм», «финанс пирамидэхэм» я кьыззэгъэпэщакІуэхэм я щІыхьыр тхыдэм я гъэунэхуныгъэхэм кьелыну?

Дунейм ехьжа бежьхьэм яхуэщІапхъэ Іуэхутхьбзэхэм теухуауэ куэдым яІуатэ хъуащ гушыІэ зыхьлъ пыпсэхэр. Абыхэм ХаззэрыхэщІмкІэ, политикэ лэжьакІуэ нэхъ пІащІэр щІэлъхьэн хуейщ фІыуэ илъагъу я автомашинэхэм («Ауди», «Мерседес» хуэдэхэм) ису, автомашинэ уэздыгъэхэр зэщІэблэну, гъуэгу пльырхэр зыфІэлІыкІ ринэхэр фийуэ (жэнэтым щыкІуэкІэ зыми яхимыгъэувыІэн щхьэкІэ). Оппозицэм хэтхэм яфІэзахуэщ унафэщІыпхуэхэр щІалъхьэнуІ аСэрей Мысырым щапІу зэрыщытам хуэдэу - я унэгъэкІ, нЫбжьыгъэжэрагъуэхэри я гъуэсу...

Мылъкур зи куэдхэ! ФыззыщІалъхьэпхъэ хабзэхэр фыубзыхуным и пэкІэ, ягъэ кІынкъым, фегупсыс щІыху кьызэрыгуэкІхэм я кхъащхьэхэр зыхуэдэм, хуэмыщІагъэ псэур дунейм щехьжкІэ, абы и унагъуэм игъэкІуэдыр зыхуэдизым, кьалэкъэхэм я лэжьакІуэ хьэрэмыщхэм (мафием щыщхэм) ягъэщ щІэпхъджагъэхэм.

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты»

**Урысей, Китай журналистэм я автомобиль кьызэдджэн кІыхьым хэтахэм гуапэу кьаІуэщІапІ ди гъунэгу къэралыгъуэщхуэм и унафэщІхэр, кьулыкъуэхьэхэр, рабочэхэр, мэкъумэшыщІэхэр, студентхэр. Псом хуэмыдэу ди хэхуэгъуэхэр кьыщагъэльэпІащ Цзянсу къал

Исламым и нур

Тхьиъ щхьэгъэщ щыуагъэхэр иІэми

«Мусылъмэным и быдапІэ» тхьилъ щІэрыІуэр адыгэбзэкІэ зэридзэкІри къыщигъэкІащ Ислъам университетым и гъэзджакІуэ Щхьэныкъуэ Анзор. Ину сышыгуфыкІащ а тхылъым, си гуапэуи щІэзджыкІащ.

МУСЛЪМЭНЫГЪМ и хабзэ куэдым щыгъуазэ дыхуэзэщІ мы дзэкьыгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ар ди анэдэлъхубзэм кьигъэзэгъ. ТІэкІэм, дауи, щыгъэ хуэфащэщ, и гугъуехым и сэфэн Тхьэм кьригъэкІ.

Тхылъым псалъащхьэ 169-рэ итщ. Абыхэм я нэхъыбІэр зэдзэкІа зэрыхъуэм арэзы ухъещІ. Псалъэхэхэр гурыІэгъэ эу, кьеджэгъуафІэу зэхэгъэува, зэкІэлъыхьа зэрыхъуэр дыІэщІэгу фІыкІыпхъэщ. Псалъэ гугьуэхэм я нахьхьэнэр зыгъэбелджылыхэр, сурэхэр, духьэхэр, хьэдискэр, хьэлимыхьэхэм я цІэхэр тхылъым и кІэух напэкІуэцІхэм кьыІэзэрыщыгъэлъэгъуэри хьэрзынщ.

Фы куэд схужьІэнущ мы тхылъым теухуауэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар ныкъусаныгъэнщэжым.

Кьэсхынщ щапхъэ зыбжанэ. Тхылъым и 98-нэ напэкІуэцІым итщ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Сыкъуэ увэ Аллахъу зи хуиІащ зи нэмыщІ Тхьэ щымыІэм». ЗэрьфыкІэпхьэр: «Сыкъуэувэ Аллахъ Иным. Абы нэмыщІ нэгъуэщІ тхьэ щыІэжьым...» Аллахъ Иным хузгъэзэауэ зэдзэкІакІэм «СожалІэ», псалъэр мыхьэ-мытІэу кьигъэсжэбэнащ (апхуэдизу зэридзэкІащ «прибегаю» псалъэр). Ар, дауи, кьежьурыкъым икІи кьеззэгъырыкъым. Щэч хэмылъу, нэхъ тэмэмт «Сыноль эльу», «Сыпкъуэуов», «Сыпщогугъ» псалъэхэр кьыхихатэмэ.

Девгъэгупсысыт мыпхуэдэ жьІэгъэщэм (27-нэ напэкІуэцІым итым): «СожэлІэж Ин и Иныжь Аллахым, и нэгу лъапІэм, кІэух зимыІэ» и тепщэныгъэм - сыщІхьумэну шеитІан бзаджэнджкэм». Мы псалъэухам и мыхьэнэр гурыІуэгъэкъым. Хэт къэзыхуэмэнур? Аллахра хьэмэрэ шеитІаныра? Зэрытхьэхьэу кьислъитэр мыпхуэдизу: «Фыгъуэр зи нэгум кьищ, кІэух зимыІэ, Тепщэныгъэр зыІэщІэть Аллахъ Иным сольэу шеитІан бзаджэнаджэм и зэран кьызимыгъэжьІыну».

«Аллахъ кьэзыгъэщІ псоми я нэхъ Іэ ззэщ- апхуэдизу итщ 38-нэ напэкІуэцІым. ЗэрытщІэщи, Аллахъым нэмыщІ, зыгуэр къэзыгъэщІыфэщІ щыІэжьым. Мыпхуэдэут зэрыпэхъыфІыр: «КъэгъэщІынкІэ Аллахъыр Іэззщ...»

Апхуэдизу щапхъэхэр мащІэжьым - я псоми я гугъу схуэщІынкъым. Ныкъусаныгъэхэр хэльыи, тхьилъыр кьаухуэщхьэпэнущ. Сыт хуэдэ ІуэгугъэкІи Аллахым уэзрельэпхъэ псалъэ купщІафІэ куэд мыбы щыбгъуэтынущ.

КЪАЛЭ Зулчиф.
Приречнэ къуажэ.

Фэрыщагъым дихьэхэр

Ауэ дуней тхъэгъуэм фІэкІа, напэми, нэмысми, гуэныхьми, гущІэгъуми емыгупсысым, кьыгурыІуэну пІэрэ ар?

Мыпхуэдэуи жеІэ КъурІэн тльапІэм: «...Фэ фІыуэ фІьагъур дуней хьэку зэрызехьэращ, ахъэтыр кьывогъанэ къыфФІэмыІуэхуу (75-нэ сурэ, 20 - 21-нэ Іэят).

Нэщі, нэмэз, нэгъуэщІ дин Іуэхуэгъэ мусылъмэным и фарэщ игъэззэщІну. Абыкіэ зыгуэрми ухигъэзэхьыщкъым, уи щхьэ хэпщІэжу аращ. УщІэупщІэ хьунущ: сыту пІэрэ ахэр цІыхум зыхуилэжьыр, диныр кьыІэрыфІэІуэху щымыІэмэ?

Иджьри зы щапхъэ къэсхьынщ. Бзыпхъэм и нэщІи и нэмэзи блигъэкІыркъым. Аращ хуэзфІэкІри, ещІэ. И щхьэгъусэм, нэмэз имыщІми, нэщІ имыгъаи, а маззм хэшхэнукъым. Абыи хуэзфІэкІыр аращ. Абыкіэ арэзыщ езыр, нэгъуэщІ хуэмейуэ. Псапэ ищІэну, хуэныкъуэм зыгуэр ІэщІитьхьэну игу кьэІыркъым. ПыкІыркъым игу. Кьызыхуихьэ имыІэу аракъым. Иящ, ауэ псапэ хуэщІэркъым. НэгъуэщІым ей ишхмэ нэхъ кьещтэ, езым ейм хэІэбэ нэхъ. «Сысей сфІыбошх», жиІэу и деж зыфІишхыр кьэкІуамэ, нэмэз зыщІ и щхьэгъусэр лІым кьыщІэщІож, «Кьемэт махуэр кьэсмэ, зэхэкІынщ», жеІэри. Аращ ар зэрыхуэгузавэр лей зытехьам. Я быиры кьакъуэурэ, кьадопсапІэ, кьэхуэм зэрыхихымыщІыкІауэ. КьэкІуам псори йодауэ, жиІам хущІрагъэгъуэжыну...

Дэнэ щыІэ захуагъэр, мусылъмэныгъэр? Я нэмэзыпрэ нэщІымрэ кьрагъэкІыр сыту пІэрэ апхуэдизкъэ? ФэрыщІагъ кьудейкъэ абыхэм я мусылъмэныгъэр?

НЭХУЩІ Хьэжпагуэ.

Нэщ Іым дыкъехъумэ

КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ нэщІ мазэм ехьалІауэ: «Рамэзан мазэр КъурІэныр къыщеха мазэм, щыхур иригъуэзри (фІымрэ Іеймрэ зэхихуи) нащІэ мазэр зыльагъур иренэщІ».
(Сур 2, 185-нэ Іэят).

«НэщІ» (хъэрыпшбзэкІэ «щуэм») псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ иІэщ. Япэрауэ, ныбзр бгъэнэщІыпхъэщ. ЕтІуанэрауэ, уи жьэри бгъэнэщІыпхъэщ, мыхъун кьыжьэдэмыкІыу. Нэщі мазэм уи жьэм ямылейуэ ухуэсакьын хуэщІ: жьэдэмыхьэпхъэ мыкІуэу, кьыжьэдэмыкІыпхъэ кьыжьэдумыгъэжІыу.

Абы теухуауэ Мухьэмэду Тхьэм и иэфІыр зыщыхуам мыпхуэдэу жиІэгащ: «ПсалъэІеймрэ пщІы упсынымрэ щызымыгъэтыфым зэрызигъэмжалІэм Алыхьыр хуэныкъуэкъым».

КъурІэн Іущым итщ мыпхуэдэу: «Уэ Иман зиІэхэ! НэщІыр фэ кьалэн зэрыфхуэщІам ещхьу, фаплжІэ щыІэхэми яхуэщІат». Абы кьыдегъащІэ нэщІыныр нэхьапэхэм псоуэхэми я кьалэну зэрыщытар. Ауэ дауэт зэрынэщІыр? Мис ар тщІэрыкъым. Даут бегъымбарыр зы махуэм нэщІу, адрей махуэм щхъуэ щытащ.

